

Sevi pi gwo Charlotte County, Florida

Charlotte County Transit se yon sèvis transpò piblik sou twotwa pataje pou piblik la an jeneral nan tout rejyon Charlotte la. Zòn sèvis la gen ladan Englewood, Port Charlotte, Punta Gorda ak lòt zòn ki nan anviwon yo. Charlotte County Transit konekte ak rejyon Sarasota zòn Transit (SCAT) sistèm Nò Pò ak Englewood.


Charlotte County Transit opere soti Lendi pou rive Vandredi, depi 6è nan maten pou rive 6è nan aswè epi Samdi soti 9è nan maten pou rive 6è nan aswè. Genyen restriksyon pou jou Samdi epi zòn sèvis yo limite. Nou pa bay sèvis jou Dimanch oswa ak jou konje rejyon Charlotte la rekonèt.

Pou plis enfòmasyon, konekte avèk Charlotte County Transit lè w rele nan 941.575.4000, nan aplikasyon Charlotte County App la, sit entènèt nou an ki se CharlotteCountyFL.gov (klike sou: Transportation nan lye popilè a), oswa tcheke nou sou Facebook, Twitter ak YouTube.



Misyon Charlotte County Transit

Misyon divizyon Charlotte County Transit se pou bay sèvis transpòtasyon san danje, kalite siperyè, efikas ak abòdab pou piblik la an jeneral nan rejyon Charlotte.



Ki kote ou ka ale?

- Bank
- Bibliyotèk
- Plaj
- Mache
- Connect with SCAT
- Restoran
- Randevou Doktè
- Kolèj
- Lopital
- Al fè makèt
- Travay
- Sant Komèsyal sant Vil
- Ayewopò
- Sit Manje

TRANSPÒTASYON PIBLIK



Konekte tout destinasyon yo nan tout

Rejyon Charlotte la. Jwi libète a nan transpò soti bò twotwa pou ale retou nan destinasyon w. Kite enkyetid ak gwe depans pou kondui dèyè.

Fyab | San danje | Amikal

CharlotteCountyFL.gov
941.575.4000

Fè Rezèvasyon

Rezèvasyon yo fèt soti 7è nan maten pou rive 4è nan aprè midi, soti Lendi pou rive Vandredi. Tout rezèvasyon dwe fèt 24èd tan davans, men li vreman rekimande pou rezèvasyon yo fet 96èd tan davans akòz kantite plas yo limite. Ou ka rele jiska 2 semenn davans pou mete randevou pou yon vwayaj.

Tanpri dispoze 60 minit pou rive kote w prale a.

Pou mande yon vwayaj konekte w ak Charlotte County Transit epi pare w pou bay enfòmasyon sa yo:

- Non
- Tel pasaje a (yo)
- Lè
- adrès vin cheche ak ozit
- Telephone

Vwayaje ak Charlotte County Transit

Ekspedite a ap ba ou yon estimasyon sou lè machin nan ka rive. Machin nan ka rive 15 minit avan oubyen 15 minit apre lè randevou a. Chofè a ap tann pa plis pase (3) minit kote pou yo pase Pran ou nan.

Pri Tikè Nan Charlotte County Transit

Piblik Jeneral.....	\$2.00
Transpòtasyon Defavorize	\$1.00
Timoun (mwens pase 12 an)	
Vwayaje avèk yon granmoun.....	Gratis
Asistan	Gratis

Pri tikè a egzat obligatwa

Konekte

- Pou rezève yon vwayaj,
Konpoze nimewo: 941.575.4000
- Rezève yon vwayaj pa imel:
Transit@CharlotteCountyFL.gov
- Rezève vwayaj sou aplikasyon an:
Charlotte County App.
- Kontakte nou sou watchline nou an:
941.833.6296

Anile Yon Rezèvasyon

Ou dwe anile yon rezèvasyon omwens 1èdtan davans. Si rezèvasyon an pa anile davans, lap anrejistre tankou yon "Pa prezanate."

Aksesibilite machin yo

Machin nan Charlotte County Transit yo konplètman aksesib. Ranp nou yo rann li fasil pou monte nan yon chèz woulant, skoutè, ak yon èd pou mache oubyen yon chez ak woulèt pou ti bebe.

Transpòtasyon Defavorize

Transpòtasyon Defavorize Moun, ki andikape fizikman oubyen otremman, ki gen 60 an laj oswa plis, oswa kalifye kòm moun ki gen revni ba, kapab kalifye nan Pwogram Sèvis Transpòtasyon Defavorize. Pou aplike nan Sèvis Transpòtasyon pou Defavorize yo, konpoze nimewo 941.833.6246 epitou mande yon aplikasyon ou kapab jwenn sou sit entènèt nou an ki se CharlotteCountyFL.gov (klike sou Public Transportation in the Popular Links).

Transpòtasyon Defavorize Ombudsman dial:
800.983.2435



Dapre Tit VI lwa sou dwa sivil 1964 la, Charlotte County Transit bay sèvis epi opere pwogram li yo san konsiderasyon ras, koulè, oswa orijin nasyonal.